



Fanmi Lavalas

15 avril 2019
Nòt Pou Laprès

Organizasyon Politik Fanmi Lavalas ap kondane ak tout fòs li zak sazinay, masak, ki kontinye ap fèt sou popilasyon Lasalin, Waf Jeremi, nan Tokyo elatriye, avek sipò reprezantan pouvwa a, depi mwa Novanm jis rive nan jounen jodia. Zak sa yo, ki dwe revolte konsyans tout moun nan peyi a, ap fèt lajounen tankou lannuit, e malgre anmwe popilasyon sa yo pa bouke rele, leta rete an silans, san li pa fè anyen pou pote yo sekou.

Organizasyon dwa moun yo, sosyete sivil la, konsyans moral tout moun an jeneral, dwe reveye pou mete ansanm ak moun sa yo, pou gen yon fren ki mete tousuit nan sitiasyon entolerab sa, ki pa ta dwe ap rive nan yon peyi sivilize. Tout moun se moun e tout moun gen dwa pou viv an sekirite, anba pwoteksyon lalwa jan konstitisyon peyi a ekzije l.

Fanmi Lavalas, yon lòt fwa ankò , kondane siitiyasyon sa ak tout fòs li, e mande tout militan k ap goumen pou nou gen yon lòt mòd leta, fè solidarite san gade dèyè ak moun sa yo ke y ap piye, vyole, touye, boule, paske nou tout se moun e nou tout se frè ak sè. Jodia se yo, si nou rete an silans, demen sa ka pi rèd pou moun k ap viv nan lòt katye ak lòt kote nan peyi a.

Yon sèl nou fèb
Ansanm nou fò
Ansanm Ansanm nou se Lavalas.

Komite Ekzekitif Fanmi Lavalas

Dr. Maryse Narcisse
Mr. Joël Vorbe
Dr. Jean Myrto Julien
Agr. Anthony Dessources